



**DEMANN DOSYE NESANS NAN FLORIDA**  
**FLORIDA DEPARTMENT OF HEALTH IN HILLSBOROUGH COUNTY**  
**OFFICE OF VITAL STATISTICS**  
 (813) 307-8002 • hillsborough.floridahealth.gov

Li DEVAN AK DO demann sa a: Kondisyon pou kòmande: Si se aplikan an k ap mande pou tèt li, oswa se paran, gadyen, oswa reprezantan legal, alòs aplikan an dwe ranpli demann sila a epi bay idantifikasyon ak foto valid, si se yon demann pa kourye, li dwe bay yon kopi idantifikasyon ak foto valid la. Si aplikan an pa ankenn nan moun ki pi wo yo, yon moun ki otorize dwe ranpli epi soumèt Afidavi pou Emèt Ak Nesans la anplis fòmilè demann sila a. Men fòm idantifikasyon ki akseptab: Lisans Chofè, Kat Idantifikasyon Eta a, Paspò, ak/oswa Kat Idantifikasyon Militè.

**SEKSYON A: ENFÒMASYON SOU MOUN KI ENSKRI A**

NON KONPLÈ TIMOUN NAN JAN LI EKRI SOU DOSYE NESANS LA	NON BATÈM			DEZYÈM NON	SIYATI	SIFIKS
SI NON AN TE CHANJE APRE NESANS, ENDIKE NOUVO NON AN	NON BATÈM			DEZYÈM NON	SIYATI	SIFIKS
DAT NESANS	MWA	JOU	ANE (4 CHIF)	NIMEWO DOSYE NAN ETA A (Si w konnen l)		SÈKS
LYE NESANS	LOPITAL			VIL	KONTE	
NON FI MANMAN AN	NON BATÈM			DEZYÈM NON	SIYATI	SIFIKS
NON PAPA A	NON BATÈM			DEZYÈM NON	SIYATI	SIFIKS

**ENFÒMASYON ENPÒTAN**

*Nenpòt ki moun ki fè ekspres bay fo enfòmasyon sou yon sètifika, dosye oswa rapò ke Chapit 382, Lwa Florida egzije, oswa sou nenpòt ki demann oswa afidavi, oswa ki jwenn enfòmasyon konfidansyèl nan nenpòt ki Eta Sivil pou fo bi oswa bi malonèt, komèt yon krim twazyèm degre, k ap pini jan sa prevwa nan Chapit 775, Lwa Florida.*

**SEKSYON B: ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN (granmoun k ap mande ak la)**

Non Aplikan an TAPE OSWA EKRI AN LÈT DETACHE	NON BATÈM, DEZYÈM NON, SIYATI (AVÈK SIFIKS SI GENYEN)			SIYATI APLIKAN AN		
NIMEWO TELEFÒN LAKAY ( )	ADRÈS POSTAL (METE NIMEWO APATMAN, SI SA APLIKAB)			RELASYON AVÈK MOUN KI ENSKRI A		
LÒT NIMEWO TELEFÒN ( )	VIL			ETA	ZIP KÒD	
SI W SE AVOKA, BAY NIMEWO BAWO/LISANS PWOFEYONÈL OU	NIMEWO LISANS/BAWO	NON MOUN OU REPREZANTE A		ak	RELASYON LI AVÈK MOUN KI ENSKRI A	

**SEKSYON C: ENFÒMASYON SOU FRÈ DEPATMAN SANTE KONTE A**

	<u>Kantite</u>	<u>Kantite Lajan</u>
<b>Birth Certificate:</b> Certified copy of a registered Florida birth record (1917-present).	\$14.00 x 1	= \$14.00
<b>Additional Copies</b> of the certificate above, when ordered with the same request.	\$9.00 x	= \$
<b>Protective Plastic Covers:</b> (Optional).	\$3.00 x	= \$
<b>MAIL/FAX ONLY - Rush Order:</b> (Optional) \$10 per order. Envelope must be marked "Rush".	\$10.00 x	= \$

**NOTE: The Florida Department of Health in Hillsborough County does not accept personal checks.**

**FOR MAIL-IN REQUESTS ONLY:**

**Credit/Debit Card Orders:** Visa  MasterCard

Credit/Debit Card Number: \_\_\_\_\_ Expiration Date: \_\_\_\_\_

Mail completed form and payment to: Florida Department of Health in Hillsborough County  
 Attention: VITAL STATISTICS  
 P.O. Box 5135, Tampa, FL 33675-5135

# ENFÒMASYON AK ENSTRIKSYON POU DEMANN DOSYE NESANS

**SÈTIFIKASYON SOU ÒDINATÈ:** tout òganis eta ak federal aksepte sètifikasyon sou òdinatè epi yo sèvi pou nenpòt ki tip deplasman.

Yon sètifikasyon sou òdinatè gen de fòma diferan:

1. Sètifikasyon yon nesans ki anrejistre (depi 2004 rive kounyeya), bay fè sila yo sou nesans la: Non Timoun nan, Dat Nesans, Sèks, Lè, Pwa, Lye Nesans (Vil, Konte ak Lye) ak Enfòmasyon sou Paran yo.
2. Sètifikasyon yon nesans ki anrejistre (ant 1930 ak 2003), bay fè sila yo sou nesans la: Non Timoun nan, Dat Nesans, Sèks, Konte Nesans ak Non Paran yo.

**DISPONIBILITE:** Lwa eta a pat egzije anrejistreman nesans anvan 1917, men gen kèk dosye ki date depi 1865.

**ELIJIBILITE:** Nou kapab emèt ak nesans bay sèlman:

1. Moun ki enskri a (timoun ki nonmen sou dosye a) si li majè (18 an)
2. Paran ki sou Dosye Nesans la
3. Gadyen legal (dwe bay papye titèl)
4. Reprezantan legal youn nan moun ki pi wo yo
5. Lòt moun pa desizyon lajistis (dwe bay kopi anrejistre oswa sètifye desizyon lajistis la)

Nan ka moun ki enskri a mouri, lè nou resevwa ak desè defen an, nou kapab emèt yon sètifikasyon ak nesans la bay mari/madanm li, pitit li, granpitit li, frè/sè li, si yo majè, oswa bay reprezantan legal nenpòt nan moun sa yo epitou bay paran.

Nou gen dwa emèt kopi sètifye yon ak nesans (sòf dosye nesans sa yo ki sou sele) bay nenpòt moun majè pou yon nesans ki te fèt gen plis pase 100 tan de sa.

**DOSYE NESANS SOU SELE:** Dosye nesans ki sou sele poutèt adopsyon, detèminasyon patènite oswa desizyon lajistis pa kapab kòmande fason abityèl la. Pou yon dosye sou sele, ekri bay:

BUREAU OF VITAL STATISTICS  
ATTN: Records Amendment Section  
P.O. BOX 210  
Jacksonville, FL 32231-0042

**KONDISYON POU KÒMANDE:** Si se aplikan an k ap mande pou tèt li, oswa se paran, gadyen, oswa reprezantan legal, alòs aplikan an dwe ranpli demann sila a epi bay idantifikasyon ak foto valid, si se yon demann pa kourye, li dwe bay yon kopi idantifikasyon ak foto valid la. Si se yon gadyen legal, li dwe bay yon kopi arete plasman an ansanm avèk demann nan. Si se yon reprezantan legal, li dwe bay nimewo bawo avoka, ak yon nòt kiyès avoka a reprezante ak relasyon moun sa a avèk moun ki enskri a ansanm avèk demann nan. Si se yon ajan òganis lokal, eta a oswa federal k ap mande yon dosye, endike nan espas ki fèt pou "relasyon" an non òganis la. Men fòm idantifikasyon ki akseptab: Lisans Chofè, Kat Idantifikasyon Eta a, Paspò ak/oswa Kat Idantifikasyon Militè.

Si w pa ankenn nan moun ki pi wo yo, ou dwe ranpli demann sila a epi gen yon Afidavi pou Emèt Ak Nesans (Fòmilè DH 1958, 08/2010) notarye ki soumèt avèk demann dosye nesans ou an ansanm avèk yon kopi idantifikasyon ak foto valid moun ki enskri a epitou idantifikasyon ak foto valid aplikan an.

**RELASYON AVÈK MOUN KI ENSKRI A:** Yon moun k ap kòmande pwòp ak pa li dwe mete "MWEN MENM" nan espas sa a. Epitou, eksplike si non w chanje; non maryaj, non ki chanje legalman (kilè ak ki kote), elatriye. Lòt moun yo dwe idantifye tèt yo klè kòm elijib (gade ELIJIBILITE pi wo a).

**NOU PAP RANBOUSE:** Nou pap ranbouse frè eta sivil yo.

**SIYATI APLIKAN AN:** Obligatwa, epitou non li an lèt detache, adrès rezidans ak nimewo telefòn li.

**NON AK ADRÈS DEPATMAN SANTE KONTE A**

**University Office** - 13601 N. 22nd St., Tampa FL 33613 ▪ Èdtan: **7:30AM - 4:30PM**, Lendi a Vandredi

**St. Joseph's Women's Hospital** - 3030 W. MLK Blvd., Tampa FL 33607 ▪ Èdtan: **8AM - 4PM**, Lendi a Vandredi